



Pou Piblikasyon Imedya: 04/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REKÒ ISTORIK 74 MILYON VIZIT NAN PAK ETA YO POU 2018

**Sistèm Pak Revitalize A Kontinye Wè Ogmantasyon Regilye ak 2.5 Milyon Vizitè  
An Plis De Ane Pase A**

**Vizit Pak Eta Yo Ogmante de 28 Pousan Depi Lè Gouvènè Cuomo Antre An  
Fonksyon An 2011 lan**

**Nouvo Empire Pass Ki Ka Pataje a Fè Lavant Yo Ogmante De 31 Pousan Sa Ki  
Reprezante Yon Nouvo RekòTotal**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke pak, sit istorik, teren kan, ak santye nan New York te resevwa yon estimasyon rekò 74 milyon vizitè an 2018. Etap enpòtan sa a reprezante sèt ane ogmantasyon kontini vizitè yo epi montre yon ogmantasyon anjeneral ki nan 28 pousan oubyen 16.2 milyon vizitè depi Gouvènè a te monte sou pouvwa an 2011.

“Pak Eta yo nan kè ekonomi touristik New York la, k ap atire touris ki soti toupatou nan monn lan pou vin dekoutri istwa ak eksplor bote gwo Eta nou an”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “A travè inisyativ Parks 2020 an ak lòt gwo envestisman pou prezève ak modènize pak nou yo, tèren kan yo, ak sit istorik yo, nou kontinye redinamize ekonomi lokal yo epi ankouraje fanmi yo dekoutri tout opòtinite Iwazi san parèy ki egziste nan New York.”

“Wikenn pase mwen te fè yon ti kan ivè nan Allegany, pi gwo Pak Eta nan New York, e mwen se yon vizitè regilye pi ansyen pak New York la ki nan Niagara Falls. Mwen pa janm rate yon okazyon pou m vizite youn nan mèvèy sa yo”, **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Kèk nan pi bèl pak ak sit istorik anblematik nan mond lan chita kò yo New York, kidonk li pa etonan si kantite vizitè yo ogmante chak ane. N ap kontinye envesti nan yo pou asire siksè yo alavni.”

Vizit Pak Eta New York yo ogmante de 4 pousan de ane avan an, ak kantite vizitè yo ki pase de 71.5 milyon a 74.1 milyon. Amelyorasyon ankou nan kad [Plan NY Parks 2020](#) Gouvènè a kontinye fè pwomosyon Iwazi an plennè e ankouraje fanmi yo ak vizitè yo eksplor pak yo toupatou nan eta. An 2018, nouvo Boardwalk Café a te ouvè nan [Pak Eta Jones Beach la](#), ki ede ogmante visit yo de 43 pousan. An plis de sa, pòt antre [Pak Eta Watkins Glen](#) nan te transfòme, kote visit yo ogmante de 24 pousan, epi tou yon nouvo sant edikasyon anviwònmantal te ouvè pòt li nan [Pak Eta Green Lakes](#) la, ki wè yon ogmantasyon vizitè de 33 pousan.

Pak yo atire nouvo vizitè tou ak fasilitè opsyon [Kat Empire Pass](#) ki ka pataje ak fanmi an. Olye de otokolan vit tradisyonèl la, nouvo kat gwo sè bous la pa asiyen a yon veyikil espesifik e paran, gran paran, moun k ap bay swen ak lòt moun k a itilize li. Pak eta yo van plis pase 102,000 Empire Pass an 2018, pi gwo vant ki te janm fèt, e yon ogmantasyon 31 pouzan de 2017.

Nan yon avni pwòch, vizitè Pak Eta New York yo ka chèche plis amelyorasyon ak lòt ajou ki enteresan, enkli achèvman [Pak Eta Shirley Chisholm](#) nan Brooklyn, k ap vin pi gwo pak eta nan Vil New York. An plis de sa, plizyè pak atraksyon pral fini, avèk tou yon nouvo beny publik e yon batimam konsesyon nan [Pak Eta Southwick Beach](#) la, yon nouvo ekstansyon nan [Purple Heart Hall of Honor](#), yon nouvo sant enèji ak edikasyon sou lanati nan [Pak Eta Jones Beach](#) la, yon nouvo sant akèy nan Walkway Over the Hudson lan, ak amelyorasyon nan lyezon sante olon [Niagara Gorge](#) la.

**Erik Kulleseid, ki se Komisè Pwovizwa Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) te deklare**, "Pak eta New York yo ak sit istorik yo ap kontinye redinamize kominate yo toupatou nan eta a pandan y ap konekte moun yo ak kilti epi eritaj yo. Gras a inisyativ Gouvènè Cuomo pou transfòme e fè pwomosyon pak eta yo, nou ka espere akeyi plis vizitè pandan n ap kontinye revitalize ak modènize sistèm pak eta nou an".

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York la ap pran yon angajman istorik pou amelyore epi ogmante aksè a espas Iwazi anplennè yo. Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a se yon angajman sou plizyè ane pou li redinamize Pak Eta New York yo. Bidjè Egzekitif Eta pou ane fiskal 2019 la gen ladan 110 milyon dola anvè inisyativ sa a. Rezo Pak Eta New York yo ak lòt espas ouvè ki pwotoje yo se fondasyon kwasans ekonomi Iwazi an plennè a, e finansman sa pral ranfòse efò eta yo pou amelyore e renove pak eta nou yo ak resous Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la (Department of Environmental Conservation, DEC) yo e pwoteje nouvo espas ouvè yo pou bay nouvo opòtinite Iwazi, pandan y ap ogmante rezistans Eta a kont tanpèt ki pi gwo ki rive pi souvan ke chanjman klimatik la pwovoke.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)